



Pou Piblikasyon Imedya: 21/08/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL DEPLWAYE 20 MILYON DOLA ADISYONÈL NAN VIL NEW YORK POU OGMANTASYON DEPO DOYE POU EDE PLIS PASE 30,000 MOUN K AP CHÈCHE AZIL SOTI NAN ABRI VIL LA YO EPI CHÈCHE YON SITIYASYON KI LEGAL POU YO TRAVAY

Nan travay avèk NYC Health + Hospitals ak International Rescue Committee, yo pral itilize finanman Eta a pou triye epi akselere franchisman obstak pou sòti nan abri, enkli depoze dosye pou azil ak otorizasyon travay

Ogmantasyon depo dosye baze sou investisman 10 milyon dola Eta a nan sèvis legal nan Bidjè Ane Fikal 2024 la, yon pati nan angajman 1.5 milya dola pou kouvri depans abri, swen sante ak depans pou gad nasyonal yo

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a yon investisman 20 milyon dola pou akselere pwosesis depo dosye pou plis pase 30,000 moun k ap chèche azil. Investisman sa a, ki joute sou 1.5 milya Eta a deja atribye pou abòde kriz sa a, pral ede konekte moun k ap chèche azil yo ak sèvis jesyon ka yo pou akselere pwosesis pou yo sòti nan abri a epi, lè sa nesèsè, fè demann azil. Objektif final sèvis sosyal sa yo se pou sipòte moun k ap chèche azil yo pandan y ap jwenn estati travay legal yo, kite sistèm abri a epi yo kòmanse viv endepandan.

"Chemen pou sòti nan kriz sa a se otorizasyon travay", **Gouvènè Hochul te deklare.** "New York te toujou akeyi imigran yo ak moun ki fèk vini yo — epi mete moun k ap mande azil yo sou bon wout pou jwenn otorizasyon pou travay pral ede yo vin otonòm epi sòti nan obskirite. Eta New York te bay èd imanité enpòtan pandan plis pase yon ane, epi nou pran angajman pou nou kontinye sipòte Vil la nan jere kriz sa a k ap kontinye a."

Nouvo efò sa a pral angaje omwen 30,000 moun k ap chèche azil ki loje pa NYC Health + Hospitals, Jesyon Ijans NYC (NYC Emergency Management), ak Depatman Konsèvasyon ak Devlopman Lojman NYC ap sèvis jesyon ka pwo-aktif nan kad sipò pou sòti. Pwogram nan fèt pou angaje moun k ap chèche azil yo imedyatman lè yo rive epi kontinye angajman yo pandan tout tan yo rete nan abri, konekte yo ak sèvis sosyal ki pral ede yo fè plan pou sòti nan abri. Founisè sèvis sosyal sa yo pral genyen Sant Aplikasyon Azil (Asylum Application Center) la, ki finanse tou pa Eta New York.

Lè w ap itilize yon kad Komite Sekou Entènasyonal (International Rescue Committee) la devlope, ONG ki rekonèt entènasyonalman, yo pral triyemoun k ap chèche azil nanabri vil la ak yon nouvo echèl kòd koulè: vèt la endike okenn baryè enpòtan pou sòti nanabri; jòn endike baryè pou sòti ki gen yon chemen solisyon; epi wouj la endike baryè ki pi konplèks pou sòti ki mande anpil resous. Metòd triyaj sa a pral akselere sòti nanabri, fasilite koneksyon ak sèvis oswa resous ki nesèsè pou sòti nanabri, epi mete fanmi yo sou chemen pou viv endepandan. Moun ak fanmi yo pral angaje yo lè yo rive nan sant arive vil la epi sou yon baz kontinyèl pandan tout tan yo nanabri a.

Finansman sa a ajoute ou 10 milyon eta a te bay nan bidjè Ane Fiskal 24 la pou ede Vil New York ofri sèvis legal pou imigran yo, yo te itilize pou etabli Sant Aplikasyon Azil vil la. Li bati tou sou efò ki deja egziste nan Eta a pou loje kantite moun k ap chèche azil san parèy, sa ki pi resamman enkli Sant Repons ak Sekou pou Ijans Imanitè (Humanitarian Emergency Response and Relief Centers, HERRC) ke Eta finanse ki ouvri nan Randall's Island (Zile Randall) ak nan Etablisman Sikyatrik Creedmoor a. Eta a te angaje tou 1.5 milya dola pou sipòte efò Vil la pou loje moun k ap chèche azil yo epi li te deplwaye plis pase 1,800 manm Gad Nasyonal New York pou bay sipò lojistik ak operasyonèl nanabri vil yo.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)